

**Konte Miami-Dade
Depatman Koreksyon ak Reyabilitasyon**

GID RESOUS REYENTTEGRASYON



Tab Dèmatyè

	Paj
Fason pou itilize Gid Resous Reyentegrasyon an	2
Planifikasyon pou Reyentegrasyon – Kesyon ak Repons.....	2
Liy Asistans Telefonik pou Reyentegrasyon.....	3
Seksyon 1: Anplwa.....	4
Resous Lokal pou Plasman nan Travay	
Travay Otonòm / Pwogram Aprantisaj	
Resous nan Eta Florid / Reyabilitasyon Pwofesyonèl / Fè Demann Alokasyon Chomaj	
Resous Federal / Resous sou Entènèt / Kont Imel Gratis	
Seksyon 2: Asistans Lojman / Asistans Shèltè / Asistan Sèvis Itilite	9
Sant Asistans pou Moun Sanzabri (Homeless Assistance Centers)	
Resous pou yon Vi San Sibstans	
Chèltè Safespace (Vyolans Domestik) / Jwenn Lojman sou Entènèt	
Asistans pou Sèvis Itilite ak Lwaye	
Egzijans Enskripsyon ak Lojman: Delenkan Seksyèl	
Seksyon 3: Retablisman Idantifikasyon Pèsonèl ak Lisans Chofè	11
Batistè	
Enskripsyon Votè / Depatman Eleksyon	
Kat Sekirite Sosyal	
Retablisman Lisans Chofè	
Ranplasman/Renouvèlman Lisans Chofè	
Kat Ditantite Pèsonèl	
Pwokirè Eta a – Inite Egzekisyon Pansyon Alimantè pou Timoun	
Seksyon 4: Asistans Gouvènman	13
Depatman Timoun ak Fanmi Florid	
Depatman Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal Miami-Dade	
Seksyon 5: Asistans Jeneral	15
Èd Legal	
Asistans pou Zafè Imigrasyon ak Fanmi	
Sèvis Finansye	
Resous Edikasyon	
Asistans Relijye	
Asistans Sèvis Suivi	
Depatman Pwobasyon ak Liberasyon Kondisyonèl Florid	
Bank Alimantè	
Seksyon 6: Swen Sante	19
Asistans Medikaman Preskripsyon	
Swen Sante - Konte Miami-Dade / Lopital nan Zòn nan	
South Florida AIDS Network (SFAN)	
Swen Sante Mantal	
Tretman Toksikomani / Èd pou yon Vi San Sibstans	
Admistrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal	
Seksyon 7: Sèvis pou Veteran	25
Seksyon 8: Gid Resous Adisyonèl	27

Fason pou itilize Gid Resous Reyentegrasyon an

Nou fè gid sa a pou ede w reyisi fè reyentegrasyon ou nan kominote a aprè ou fin kite prizon. Pou ede w jwenn enfòmasyon sa yo rapidman pou w itilize yo, chèche karakteristik sa yo nan tout Gid la.

- **Etap Aksyon** – Lè ou lage, konsidere suiv sigjesyon sa yo.
- **Konekte** – Suiv enstirksyon ki montre “fason” pou w antre an kontak avèk yon founisè sèvis.

Anplis karakteristik sa yo, Gid sa a ofri enfòmasyon sou plizyè resous ki genyen nan Konte Miami-Dade, Broward ak Monroe. Met sou sa, gen yon lis resous ou kapab jwenn nan Eta Florid ak Gouvènman Federal.

Planifikasyon pou Reyentegrasyon – Kesyon ak Repons

- 1. Ki moun ki kapab ede mwem jwenn yon travay?** **Paj 5**
Kontakte Transition, Inc., yon ajans byenfezans ki ede ansyen delenkan jwenn travay.
- 2. E si mwen sanzabri?** **Paj 9**
Konsidere kontakte sant Homeless Assistance Center a pou chèlèt ak sèvis.
- 3. Kòman mwen kapab ranplase dokiman idantifikasyon pèsònèl mwen yo?** **Paj 11**
 - Kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal pou w mande yon kat ranplasman.
 - Kontakte biwo lokal depatman sante a pou w mande yon batistè ranplasman.
- 4. Kòman mwen kapab fè retabli lisans chofè mwen?** **Paj 12**
Rele pwogram Drive Legal la epi mande yo si ou elijb pou w antre nan pwogram yo a.
- 5. Kòman mwen kapab fè demann Koupon Manje ak Èd Lajan?** **Paj 14**
Kontakte Depatman Timoun ak Fanmi Florid pa telefòn, pa entènèt oswa an pèsòn.
- 6. Ki kote mwen kapab jwenn èd legal konsènan pitit mwen?** **Paj 16**
Kontakte Legal Services of Greater Miami pou yo kapab ede w.
- 7. Kòman pou mwen konfòme m avèk pwobasyon mwen?** **Paj 18**
Kontakte Biwo Dakèy Miami an nan (305) 693-2320.
- 8. Ki kote pou mwen ale pou m renouvle medikaman mwen?** **Paj 19**
Kontakte etablisman sante piblik lokal ou.
- 9. Ki kote pou mwen ale pou m pran tretman pou toksikomani oswa abi alkòl?** **Paj 24**
 - Kontakte Biwo Sèvis Reyabilitasyon nan Depatman Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal la, oswa òganizasyon Alcoholics Anonymous pou w sa jwenn yon reyinyon sipò lokal,
 - Ale nan www.findtreatment.samhsa.gov sou òdinatè ou, oswa
 - Rele (800) 662-Help (4357)
- 10. E si mwen se yon Veteran Militè Etazini?** **Paj 25**
Kontakte Kowòdonatè lokal Veterans Justice Outreach Coordinator a pou w sa jwenn èd yo ofri pou veteran yo.

Liy Asistans Telefonik pou Reyentegrasyon

• Liy Dirèk pou Rapòte Abi Depatman Timoun ak Fanmi Florid	1-800-962-2873
• Liy Asistans Telefonik SIDA/VIH (Enfòmasyon ak referans Eta Florid konsènan SIDA/VIH) Liy telefòn nan ouvè: Lendi rive vandredi, 8:00 a.m. rive 9:00 p.m. Samdi, 10:30 a.m. rive 6:30 p.m. Dimanch, 2:00 p.m. a 6:30 p.m.	1-800-FLA-AIDS (1-800-352-2437)
• Kowalisyon Konte Broward pou Reyentegrasyon	Saferbroward.org
• Catholic Charities (St. Luke's Place)	305-795-0077
• Liy Asistans Telefonik nan Ka Swisid ak Kriz	988 oswa 1-800-273-8255
• Konsèy lè Moun an Kriz/Swisid/Resous The HELPLine	211 ou 305-358-HELP (4357) 305-644-9449 TTY
• Depatman Timoun ak Fanmi Florid	1-866-762-2237 (Voice)
• Sèvis Referans Avoka Bawo Florid la	1-800-342-8011
• Òganizasyon Florida Counsel Against Sexual Violence	1-888-956-7273
• Depatman Sekirite Otowout ak Veyikil a Motè Florid	850-617-2000
• Pwojè Connecting Kids to Coverage òganizasyon Florida Legal Services (Swen sante)	1-800-436-6001
• Liy Asistans Telefonik pou moun Sanzabri (Miami-Dade)	1-877-994-4357 (HELP)
• Liy Enfòmasyon ak Referans Anyè Konte Miami-Dade (24 è sou 24 / 7 jou sou 7)	211
• Jackson Memorial Hospital (Sèvis Sante/Medikal)	305-585-1111
• Sant Enfòmasyon Gouvènman Miami-Dade	311
• Sistèm Sante Afè Veteran Miami	305-575-7000
• RX Outreach (Asistans Preskripsyon)	1-800-769-3880
• Liy Asistans Telefonik pou Sele ak Efase Dosye Kriminèl <i>Atelye Redemption Project yo chèche ede ansyen kliyan Avoka Piblik pou Ladefans ak ansyen delinkan pou sele oswa efase dosye kriminèl yo genyen, referans pou retablisman dwa, epi ede yo jwenn travay.</i>	850-410-7870
• Administrasyon Sekirite Sosyal	1-800-772-1213
• Liy Dirèk Administrasyon Sèvis Toksikomani ak Sante Mantal	1-800-662-4357
• Liy Asistans Telefonik pou Veteran ki an Kriz	988 oswa 1-800-273-8255 (TALK) Peze 1
• Biwo Florid pou Konpansasyon Viktim	1-800-226-6667
• Biwo Konte Dade - Eta Sivil (Batistè)	305-575-5030

Konekte

Kontakte Biwo Sèvis Pwogram Reyentegrasyon nan MDCR la pou asistans adisyonèl konsènan reyentegrasyon delenkan.

Biwo: 786-263-7000

Imel: MDCRINFO@miamidade.gov

Seksyon 1: Anplwa

Etap Aksyon

- Kolabore avèk resous ak ajans lokal ki ede ansyen delenkan jwenn travay ak fòmasyon.
- Konprann avantaj anplwayè yo pou lè yo anboche ansyen delenkan.
- Anvizaje pwogram aprantisaj oswa travay otonòm.
- Fè rechèch sou entènèt.
- Kreye yon adrès imel.

Resous Lokal pou Plasman nan Travay

South Florida Workforce


South Florida Workforce responsab pou li kòmanse pwogram devlopman mendèv ki finanse ak fon Eta a ak fon federal nan Konte Miami-Dade ak Monroe.

Konekte

Transition, Inc. se yon sant sèvis espesyalize ki ofri ansyen delenkan adilt nan Konte Miami-Dade tout yon seri konplè sèvis fòmasyon travay ak sèvis plasman nan travay (Gade kat anba a)

- 1550 NW 3rd Avenue, Bldg. C.
Miami, FL 33136
305-571-2001

Kat Sèvis Anplwa



Konte Miami-Dade CareerSource South Florida (careersourcesfl.com)	
Transition, Inc. 1550 NW 3 rd Ave. Building C; Miami, FL 33136 Tel 305-571-2001 Faks 305-571-2002 Transition Inc (transition-miami.org)	
Carol City Center 4888 NW 183 rd Street; Miami Gardens, FL 33055 Tel 305-620-8012 Faks 305-623-3523	Culmer Community Action Center 1600 NW 3 rd Avenue; Miami, FL 33136 Tel 305-438-4161 Faks 305-571-2002
Hialeah Downtown Center 240 E 1 st Avenue; Hialeah FL 33010 Tel 305-883-8070 Faks 305-883-6910	Miami Beach Career Center 833 6 th Street, 2 nd Floor; Miami Beach, FL 33139 Tel 305-532-5350 Faks 305-532-9307
Little Havana Center 5040 NW 7 th Street, Suite 200; Miami, FL 33126 Tel 305-442-6900 Faks 305-460-5640	Northside Center 7900 NW 27 Avenue, Suite 200; Miami, FL 33147 Tel 305-693-2060 Faks 305-693-2071
North Miami Beach Center 801 NE 167 th Street; N. Miami Beach, FL 33162 Tel 305-654-7175 Faks 305-654-7188	West Dade Center 8495 Bird Road 2 nd Floor; Miami, FL 33155 Tel 305-228-2300 Faks 305-228-2321
Perrine Center 18901 SW 106 th Avenue, Suite 218; Miami, FL 33157 Tel 305-252-4440 Faks 305-278-1066	
Konte Miami-Dade (Jèn 18 an a 24 an sèlman)	
Greater Miami Service Corps www.gmscmiami.org	
North Center 810 NW 28 th Street Miami, FL 33127 Tel (305) 638-4672	South Center 15355 Harding Lane Homestead, FL 33033 Tel (305) 242-7938

Konte Broward https://careersourcebroward.com	
North Center 4941 Coconut Creek Pkwy Coconut Creek, FL 33063 Tel 954-969-3541	Central Center 2610 West Oakland Park Blvd. Oakland Park, FL 33311 Tel 954-677-5555
South Center 7550 Davie Road Extension Hollywood, FL 33024 Tel 954-967-1010	OIC of Broward County 3407 NW 9 th Avenue, Unit 100 Fort Lauderdale, FL 33309 Tel 954-563-3535 Faks 954-563-5225 oicsfl.org
Second Chance Society, Inc. 1835 SE 4 th Avenue Fort Lauderdale, FL 33316 Tel 954-763-5999 Faks 954-763-5922 https://secondchancesociety.org	

Konte Monroe CareerSource South Florida (careersourcesfl.com)	
Key Largo Center 106040 Overseas Highway, 2 nd floor – Room 225 Key Largo, FL 33037 Tel 305-853-3540 Faks 305-853-3543	Key West Center 5901 College Road, Bldg., #15 Key West, FL 33040 Tel 305-292-6762 Fax 305-292-6891

Travay Otonòm

Òganizasyon Partners for Self-Employment pwomouvwa byennèt finansye moun ak fanmi ki gen revni fèb jiska modere nan Sid Florid epi li ofri klas sou fason pou kòmanse yon ti biznis epi jere l.

3000 Biscayne Boulevard, Suite 215
Miami, FL 33137
Tel 786-605-8585
<https://www.pseinc.org/>

Divizyon Asistans pou Biznis Konte Miami-Dade Depatman Devlopman Ti Biznis Konte Miami-Dade Stephen P. Clark Center 111 NW 1 st Street, 19 th Floor; Miami, FL 33128 Tel 305-375-3111 Faks 305-375-5862 www.miamidade.gov	Vil Miami, Biwo Administrasyon Sibvansyon-Inisyativ Ekonomik City of Miami Economic Initiatives 444 SW 2 nd Avenue, 3 rd Floor; Miami, FL 33130 Tel 305-416-1536 Faks 305-416-2151 www.accessmiamijobs.com
--	--

Pwogram Aprantisaj

Aprantisaj se yon konbinezon fòmasyon nan travay ak ansèyman ki lye ak travay la kote travayè yo aprann aspè pratik ak aspè teyorik yon pwofesyon ki kalifye anpil. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram aprantisaj yo nan sant One-Stop Career Centers yo ki afiche nan sit entènèt www.doleta.gov/oa a.

Èkondisyone, Refrijerasyon ak Tiyotri	Amyant
Air-Conditioning, Refrigeration & Pipefitting Education Center (ARPEC) 13201 NW 45 th Avenue; Miami, FL 33054 Tel 305-685-0311 www.arpec.org	Asbestos Workers Joint Apprenticeship Committee 13000 NW 47 th Avenue; Opa-Locka, FL 33054 Tel 305-681-0679 www.insulators.org/become-an-apprentice

Ebenisri	Elektrisite
Florida Carpenters Regional Council Training Center 2860 NW 27 th Avenue; Fort Lauderdale, FL 33311 Tel 305-557-6100 www.flcrc.org	Miami Joint Electrical Apprenticeship 1601 NW 17 th Avenue; Miami, FL 33125 Tel 305-324-7578 www.njatc.org

Elektrisite	Plonbri
IBEW – International Brotherhood of Electrical Workers Florida East Coast Electrical JATC 201 SE 24 th Street; Fort Lauderdale, FL 33316 Tel 954-525-3106 Faks 954-525-5742 www.ibew728.org	Plumbers Joint Apprentice & Educational Committee 5931 NW 173 Dr., #B5 & B6; Miami, FL 33015 Tel 305-822-9411 Faks 305-826-9792 www.plumbers519apprenticeship.com

Fèy Metalik
Sheet Metal Workers Local Union 32 Apprenticeship & Training Program 20375 NE 15th Court; North Miami Beach, FL 33179 Tel 305-651-5971 Faks 305-651-8952 www.smw32.org

Resous Eta Florid

Employ Florida Marketplace se pòtay anliy ofisyèl Florid pou sèvis korespondans travay vityèl ak anpil lòt resous mendèv. Se yon zouti pisan, ki kreye gras a patenarya ant gouvènman ak sektè prive a, pou reponn a bezwen mendèv nan Eta nou an.

Depatman Komès Florid Caldwell Building 107 East Madison Street, Suite 100 Tallahassee, FL 32399 Tel 866-FLA-2345 Tel 800-342-3450 www.employflorida.com www.floridajobs.org	Honest Jobs Pi gran sitwèb pou travay dezyèm chans nan peyi a. Yo ede moun ki afekte nan sistèm jistis kriminel la jwenn travay vit. www.HonestJobs.com Imel: ContactUs@Honestjobs.com
--	--

Reyabilitasyon Pwofesyonèl

Divizyon Reyabilitasyon Pwofesyonèl (VR) se yon pwogram Federal ak Eta ki travay avèk moun ki gen andikap fizik oswa mantal pou yo prepare pou yo jwenn anplwa epi pou yo rete ladan l.

5835 Blue Lagoon Drive; Suite 350 Miami, FL 33126 Tel 305-643-7600 Faks 305-364-3024 www.rehabworks.org
--

Fè Demann Alokasyon Chomaj

Pwogram Alokasyon Chomaj (UC) Ajans Florid pou Inovasyon Mendèv la (ki rele asirans chomaj tou) ofri avantaj tanporè ranplasman salè pou moun kalifye ki pa nan travay san se pa akòz fòt pa yo. Moun kapab depoze reklamasyon pa mwayen entènèt. Pou enfòmasyon adisyonèl rele 800-204-2418 oswa vizite www.floridajobs.org

Resous Federal

Job Corps Job Corps se yon pwogram pou jèn defavorize ki gen laj ant 16 an e 24 an. www.jobcorps.gov	Kredi Taks pou Opòtinite Travay Kredi Taks pou Opòtinite Travay la (WOTC) se yon kredi taks federal ki ankouraje anplwayè anboche nèf gwoup sible moun ki ap chèche travay, tankou ansyen kriminel ki manm fanmi ki gen revni fèb, nan redwi dèt taks federal sou revni anplwayè a. www.doleta.gov/business/incentives/opntax
Kosyon Federal Pwogram Kosyon Federal la sèvi kòm yon zouti pou garanti plasman nan travay pou ansyen delenkan ak lòt aplikan a gran risk. Se Transition, Inc. ki Kowòdonatè Sèvis Kosyon pou Konte Miami-Dade. 1550 NW 3 Avenue, Bldg. C. Miami, FL 33136 Tel 305-571-2001 www.bonds4jobs.com	

Resous sou Entènèt

Career One Stop Career One Stop, ki te gen ansyen non America's Career Kit, se yon pòtay pou devlopman mendèv ki mete itilizatè yo an kontak avèk lyen, resous, ak sèvis kominotè apwopriye yo kapab jwenn sou entènèt. www.CareerOneStop.org	America's Job Bank America's Job Bank se mache travay ki pi gwo pi okipe sibèspas, li gen 400,000 kourikouloum vite anliy ak plis pase yon milyon travay nan tout peyi a. www.employmentflorida.com
America's Service Locator America's Service Locator (ASL) mete itilizatè yo an kontak avèk biwo lokal ki ofri sèvis anplwa ak fòmasyon yo bezwen yo. 1-877-US2-JOBS pou asistans dirèk. www.servicelocator.org	Occupational Information Network Baz done Occupational Information Network la se yon sous konplè deskripsyon ak seri konpetans pou sèten pwofesyon espesifik. www.onetcenter.org
Offender Transition Program Manyèl Tranzisyon Delenkan Biwo Federal Prizon an ofri enfòmasyon travay pou ansyen delenkan. https://www.bop.gov/resources/former_inmate_resources.jsp	Rechèch Travay sou Entènèt Monster: www.monster.com Jobing: www.jobing.com Indeed: www.indeed.com
Aplikasyon Rechèch Travay Allie Moun ka jwenn òf danplwa nan yon viwonn 15 mil de kote yo ye a. Voye mesaj tèks "In2Work" bay 63000 pou w kòmanse pwosesis la.	

Kont Imel Gratis www.google.com

Estokaj sou entènèt ki pratikman ilimite pèmèt ou rasanble tout mesaj ou.

Seksyon 2: Asistans Lojman/Asistans Shèltè/Asistan Sèvis Itilite

Etap Aksyon

- Lokalize Sant Asistans pou Moun Sanzabri yo.
- Chèche Etablisman pou yon Vi San Sibstans pou w rete san dwòg san alkòl.
- Kontakte Safespace pou w jwenn chèltè pou ka vyolans domestik.
- Pwogram asistans sèvis itilite ka ede w peye fakti gaz/elektrik ou.
- Itilize entènèt la pou w chèche lojman.

Homeless Assistance Centers (Sant Asistans pou Moun Sanzabri)

Sant Asistans pou Moun Sanzabri (HAC) sèvi kòm sant anrejistreman pou swen kontinyèl. Se kote gason, fanm, ak timoun vini olye yo rete nan lari. Se yon rezidans akoutèm pratikman kote yo ofri sèvis pou moun sanzabri. Anplis de manje, rad, douch ak kabann moun espere jwenn, gen yon pèsònèl konsèy ki travay avèk moun ki te yon ansyen sanzabri.

Konekte

Moun ki ap soti nan prizon kapab kontakte Pwogram Asistans pou Moun Sanzabri Vil Miami an pou yo kapab jwenn yon plas pou yo nan HAC a. Yo nan Chanm 518 nan bilding Richard E. Gerstein Justice Building (lendi rive vandredi). 1351 N.W. 12th Street; Miami, FL 33125; (305) 548-5281.

LIY ASISTANS TELEFONIK POU SANZABRI 1 877-994-4357

Konte Miami-Dade	
Sant Asistans pou Moun Sanzabri oswa Coordinated Victim Assistance Center 1550 N. Miami Avenue; Miami, FL 33136 877-994-HELP (4357) 305-375-CARE (2273) www.cphi.org	Sant Asistans pou Moun Sanzabri 28205 SW 124 th Court; Miami, FL 33033 877-994-HELP (4357) 305-375-CARE (2273) www.cphi.org
Konte Broward	
Broward Partnership for the Homeless 920 NW 7 th Avenue; Fort Lauderdale, FL 33311 954-832-7037 954-779-3990 www.bphi.org	Broward Partnership for Homeless 1700 Blount Road; Pompano Beach, FL 33069 954-779-3990 954-832-7037 www.bphi.org
Liy Asistans Telefonik Konte Broward pou Moun Sanzabri Tel 954-563-4357 / *211 https://broward.org/homeless	
Konte Monroe	
Florida Keys Outreach Coalition 2221 Patterson Avenue; Key West, FL 33040 800-528-6595 305-293-0641 www.fkoc.org	

Resous pou yon Vi San Sibstans

Kisa yon Mezon Tranzisyon ye? Yon mezon tranzisyon se yon etablisman ki bay sipò, ki pwòp pou ede moun mennen yon Vi San Sibstans. Yo kapab rele li tou: yon mezon pou yon vi san sibstans, mezon twaka wout, etablisman pou yon vi altènatif, mezon an 12 etap, rezidans rekiperasyon, rezidans pou yon vi san sibstans, oswa mezon pou yon vi pwòp e sòb.

Konte Miami-Dade Lojman pou Fanm (Rezidansyèl)	
Concept Health Systems 4850 NW 2 nd Avenue; Miami, FL 33137 Tel 305-751-6501, ekstansyon 6405 Faks 305-756-8906 www.concepthouse.org	
Konte Broward Lojman pou Gason	Konte Monroe Lojman pou Gason
Recovery House 54 1829 Harding Street; Hollywood, FL 33020 Tel 833-547-6237 www.recoveryhouse54.com	Patterson House 2221 Patterson Avenue; Key West, FL 33040 Tel 305-295-7580 oswa 305-293-0641 www.fkoc.org

Safespace Shelter (Vyolans Domestik)

Konte Miami-Dade

Mezon Safespace Shelters ak Inn Transition Shelters yo nan zòn nò ak zòn sid konte a epi yo ofri yon refij dijans pou fanm ak timoun ki ap sove pou sitiyaasyon abi.

www.safespacefoundation.org

- Liy Asistant Telefonik Dijans 24 sou 24 800-500-1119
- Safespace – North 305-758-2546/ 305-751-3752 (TDD)
- Safespace – South 305-245-5011/ 305-242-7674 (TDD)

Konte Broward

- Women in Distress of Broward County 954-761-1133 www.womenindistress.org

Konte Monroe

- Domestic Abuse Shelter (DAS) Outreach 305-742-4440
- Florida Key Outreach Coalition; 2221 Patterson Avenue; Key West, FL 33040
305-295-7580 oswa 305-293-0641 www.fkoc.org

Chèche Lojman sou Entènèt

Sit entènèt www.floridahousingsearch.org founi enfòmasyon a tan reyèl toupatou an Florid sou pwopriyete ki vid, karakteristik ak amenajman, lwaye ak depo garanti, ak enfòmasyon detaye sou kantite chanm ak twalèt.

Asistans pou Sèvis Itilite ak Lwaye

Depatman Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal Miami-Dade ofri pwogram pou ede moun ki gen nesesisite lojman.

- Pwogram Asistans Enèji Rezidansyèl pou Moun ki Gen Revni Fèb (LIHEAP) a ofri asistans finansyèl pou rezidan ki elijib pou fakti elektrisite ak gaz yo genyen.
- Pwogram Asistans Lwaye – Asistans Dijans pou Manje ak Chèlèt (EFSA) sèvi pou ede moun ak fanmi ki bezwen asistans dijans pou pwoblèm konsènan peman bòdwo sèvis itilite, peman lwaye ak ipotèk epi pwogram nan bay chèlèt tanporè ak manje.
- Kontakte yon Sant Sèvis, lendi rive vandredi 8 è a.m. rive 5 è p.m.

Depatman Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal Miami-Dade
701 NW 1st Court; Miami, FL 33136
Tel 786-469-4600 www.miamidade.gov/socialservices

Egzijans Enskripsyon ak Lojman: Delenkan Seksyèl

Obligasyon Anrejistremant Predatè Seksyèl ak Delenkan Seksyèl

Apati 1ye desanm 2005, konfòmman a lwa Florida Jessica Lunsford Act la, H.B. 1877, tout delenkan seksyèl ak predatè seksyèl va gen obligasyon dapre lalwa pou yo re-anrejistre, an pèsòn, de fwa nan yon ane. Delenkan seksyèl ak predatè seksyèl ki abite nan Konte Miami-Dade va gen obligasyon pou yo konplete pwosesis anrejistremant an nan lokal annapre la a:

Depatman Lapolis Miami-Dade
Biwo ki ap Konbat Krim Seksyèl
1701 NW 87 Avenue, Suite 222; Doral, FL 33172
8:00 a.m. rive 4:00 p.m., lendi rive vandredi, anwetan jou konje.
Tel 305-715-3333 <http://www.miamidade.gov/police/predators-offenders.asp>

Seksyon 3: Retablisman Idantifikasyon Pèsònèl ak Lisans Chofè

Etap Aksyon

- Pran pyès idantifikasyon pèsònèl ou imedyatman lè ou lage sot nan prizon.
- Chèche èd pou retabli privilèj ou pou w kondui machin.

Batistè

Konte Miami-Dade	
Ou ka aplike pou yon batistè an pèsòn nan nenpòt biwo Depatman Sante nan Miami-Dade. Si w chwazi voye aplikasyon ou pa lapòs, tanpri adrese li a Biwo Santral Dade la. Ou ka aplike pa entènèt tou.	Central Dade Office 1350 NW 14 Street, Room 3 Miami, FL 33125 Tel 866-830-1906 www.vitalchek.com

Konte Broward	
Ou ka fè demann batistè an pèsòn nan biwo Fort Lauderdale la oswa pa lapòs. Ou ka chwazi tou pou w aplike pa telefòn oswa pa entènèt; Tel 866-830-1906 www.vitalchek.com/broward-county-express-vital-records.aspx	Broward County Health Department Attn: Vital Statistics 780 SW 24th Street Fort Lauderdale, FL 33315 Tel 954-467-4700 broward.floridahealth.gov/certificates/birth/index.html
Konte Monroe ak Eta Florid	
Ou kapab ranpli pi fò Fòm Eta Sivil yo byen fasil pa entènèt sou òdinatè ou. Ou kapab voye fòm ou fin ranpli epi ou enprime a pa lapòs oswa pa faks bay Biwo Eta Sivil la. Ou va jwenn adrès postal la ak nimewo faks la nan chak fòm. Lyen pou aplikasyon an ki parèt nan dokiman sa a se pou dosye Florid sèlman. Fòmilè ki merite yon frè dwe ale pa lapòs.	State Office of Vital Statistics Attn: Client Services P.O. Box 210 Jacksonville, FL 32231-0042 Tel 877-550-7330 Faks 877-550-7428

Enskripsyon Votè

Pran Aplikasyon Enskripsyon Votè Florid la sou sit entènèt sa a, <https://registertovoteflorida.gov/home>, ranpli li, enprime li, siyen li, epi poste li bay Sipèvizè Eleksyon pou konte kote ou rete a.

Depatman Eleksyon Miami-Dade la fyè pou li sèvi votè potansyèl yo nan pwosesis enskripsyon votè a.

Depatman Eleksyon

Konte Miami-Dade	
2700 NW 87 Avenue Doral, FL 33172 Tel 305-499-VOTE (8683) Faks 305-499-8501	Imel: register@miamidade.gov soedade@miamidade.gov www.elections.co.miami-dade.fl.us
Broward County Government Center 115 S. Andrews Avenue, Room 102 Fort Lauderdale, FL 33301 Tel 954-357-7050 Faks 954-357-7070 Imel: Elections@browardsoe.org	Konte Monroe 5200 College Road Key West, FL 33040 Tel 305-292-3416 Fax 305-292-3406 Imel: info@keys-elections.org

Kat Sekirite Sosyal

Kontakte biwo Sekirite Sosyal nan 800-772-1213 pou w aplike pou yon ranplasman kat Sekirite Sosyal, si ou pa konnen nimewo sosyal ou oswa si ou bezwen montre yon nouvo anplwayè kat ou. Si ou bezwen yon kat, ou ka ranplase l gratis. Ou ka jwenn aplikasyon an nan: www.ssa.gov/online/ss-5.pdf.

Retablisman Lisans Chofè

Pwogram ki rele Drive Legal Program nan fèt pou ede w rezoud dosye ak enfrazyon kriminel ou yo ki elijib epi pou ede w jwenn yon Lisans Chofè Florid ki valid.

Drive Legal Program Richard E. Gerstein Justice Building 1351 NW 12 Street, Room 116 Miami, FL 33125 Lendi a vandredi 9 è a.m. rive 4 è p.m. Tel 305-548-5363	Drive Legal Program South Dade Justice Center 10710 SW 211 Street, Room 1500 Miami, FL 33189 Lendi a vandredi 9 è a.m. rive 4 è p.m. Tel 305-548-5363
Drive Legal Program North Dade Justice Center 15555 Biscayne Blvd., Room 216 Miami, FL 33160 Madi sèlman 9 è a.m. rive 4 è p.m. Tel 305-548-5363	Drive Legal Program Joseph Caleb Center 5400 NW 22 Avenue, Suite 103 Miami, FL 33142 Lendi ak jedi 9 è a.m. rive 4 è p.m. Tel 305-548-5363

Ranplasman/Renouvèlman Lisans Chofè

Tel 850-617-2000 www.flhsmv.gov

Sitwayen Ameriken ak imigran ki genyen sitwayènte yo nan dosye chofè yo ka aplike pou yon ranplasman lisans sou entènèt oswa nan biwo lisans chofè nan zòn lakay yo. Pou w ranplase yon kat idantite, aplike anliy oswa an pèsòn nan yon biwo lisans chofè. Fason ki pi rapid pou w gen yon ranplasman lisans oswa kat idantite se ale nan biwo lisans chofè zòn lakay ou epi aplike pou yon ranplasman. Ou dwe prezante de fòm idantifikasyon ak prèv rezidans epi peye frè ranplasman an.

Kat Idantite Pèsonèl – Camillus House

Moun sanzabri kapab jwenn yon kat idantite “Camillus House” gratis ki gen foto nan:

1545 NW 7th Avenue

Miami, FL 33136

Tel 305-374-1065 www.camillushouse.org

Pwokirè Eta a – Inite Egzekisyon Pansyon Alimantè pou Timoun

Overtown Transit Village, South Tower

601 NW 1st Court, 12th Floor

Miami, FL 33136

Tel 305-530-2600

Si Lisans Chofè ou te sispann paske ou pat peye Pansyon Alimantè pou Timoun ou, ou dwe kontakte Pwokirè Eta a nan lespas 30 jou apre liberasyon ou nan prizon pou w jwenn asistans pou fè retabli li.

Seksyon 4: Asistans Gouvènman

Etap Aksyon

- Konnen kòman pou w enskri pou w resevwa èd gouvènman pa mwayen Depatman Timoun ak Fanmi Florid.
- Kontakte Depatman Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal Miami-Dade

Depatman Timoun ak Fanmi Florid

401 NW 2nd Avenue
Miami, FL 33128
Tel 305-377-5055/866-762-2237
www.myflfamilies.com

Konekte

Ou kapab kontakte Depatman Timoun ak Fanmi Florid pa entènèt pa telefòn, oswa an pèsòn nan youn nan biwo li yo. Fanmi ki bezwen èd pou bezwen alimentè, finansye oswa bezwen medikal yo, ka aplike pou asistans:

- **Entènèt:**
www.myflorida.com/accessflorida
- **An pèsòn:**
 - Nan yon lokal Patnè Kominotè ACCESS Florida DCF. Moun kapab jwenn yon lis patnè kominotè anliy nan:
<https://access-web.dcf.state.fl.us/CPSLookup/search.aspx>
 - Nan yon Sant Sèvis pou Kliyan ACCESS Florida DCF. Moun kapab jwenn yon lis Sant Sèvis pou Kliyan anliy nan:
www.myflfamilies.com/service-programs/access/map.shtml

Pwogram ACCESS Florida a responsab detèminasyon sou elijibilite pou moun jwenn asistans piblik, li responsab jesyon ka kontinyèl pou Asistans Alimentè, Asistans Finansye Tanporè ak Medicaid.

- **Asistans Alimentè** – ede moun ak fanmi ki gen revni fèb achte manje yo bezwen pou yo gen bon sante.
- **Asistans Finansye Tanporè** – ofri alokasyon finansye akoutèm pou fanmi ki gen timoun ki poko gen 18 an, timoun ki poko gen 19 an si yo se elèv lekòl segondè a plen tan, ak fanm ansent pandan yo nan dènye trimès gwosès yo.
- **Medicaid** – ofri kouvèti medikal pou moun ak fanmi ki gen revni fèb pa mwayen divès kategori elijibilite.
- **Sèvis pou Refijye** – ofri asistans pou refijye ak moun ki ap antre nan peyi Etazini vin otosifizan. Sèvis refijye ede kliyan elijib ki fèk rive pou yo jwenn travay, aprann anglè, akeri konpetans travay epi simonte difikilte legal oswa medikal.

Depatman Aksyon Kominotè ak Sèvis Sosyal Miami-Dade – Depatman sa a founi divès sèvis sosyal pou moun ak fanmi ki defavorize ekonomikman ki enterese reyalize otonomi yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan Sant Sèvis Kominotè, sou pwogram ak sèvis ki disponib, kontakte sant lan dirèkteman oswa rele (786) 469-4600.

Accion Community Service Center 970 SW 1 ST Street, 4 th Floor; Miami, FL 33130 Tel 305-545-2224 Faks 305-545-3658	Joseph Caleb Community Service Center 5400 NW 22 nd Avenue, #306 Miami, FL 33142 Tel 305-756-2830
Culmer Community Service Center 1600 NW 3 rd Avenue; Miami, FL 33165 Tel 305-438-4161 Faks 305-576-8640	Edison Community Service Center 150 NW 79 th Street; Miami, FL 33150 Tel 305-758-9662 Faks 305-795-1502

Florida City/Homestead Community Service Center 1600 NW 6 th Court; Florida City, FL 33034 Tel 305-247-2068 Faks 305-242-7909	Frankie Shannon Community Service Center 3692 Grand Avenue; Miami, FL 33133 Tel 305-446-3311 Faks 305-694-3583
Hialeah Community Service Center 300 E. 1 st Avenue; Miami, FL 33010 Tel 305-884-4801 Faks 305-888-1616	Isaac Withers Community Service Center 21300 S.W. 122 Avenue; Miami, FL 33170 Tel 305-254-5819
Wynwood Community Service Center 2902 NW 2 nd Avenue; Miami, FL 33127 Tel 305-547-7661	Miami Beach Community Service Center 833 Sixth Street; Miami Beach, FL 33139 Tel 305-672-1705 Faks 305-535-4237
Perrine Community Service Center 17801 Homestead Avenue; Miami, FL 33157 Tel 305-254-5804	Reverend Dr. Edward T. Graham Community Resource Center 16405 NW 25 Avenue; Miami Gardens, FL 33054 Tel 305-623-6500

Seksyon 5. Asistans Jeneral

Etap Aksyon

- Mande èd pou pwoblèm legal, retablisman dwa sivil, preyokipasyon imigrasyon, ak sèvis finansye.
- Kontinye edikasyon w oswa aprann yon metye.
- Konsidere kontakte yon òganizasyon relijye pou yo ede w fè suivi.
- Konfòme w ak egzijans pwobasyon.
- Mande èd nan bank alimantè lokal.

Èd Legal

Retablisman dwa sivil

An Florid, moun ki te kondane pou krim deja pèdi dwa pou yo vote, sèvi nan yon jiri, epi okipe yon fonksyon piblik. Pou w jwenn èd pou retabli dwa sivil ou, kontakte:

The Office of Executive Clemency 4070 Esplanade Way Tallahassee, FL 32399-2450 Tel 800-435-8286 Faks 850-488-0695 https://www.fcor.state.fl.us/clemency.shtml	Florida Rights Restoration Coalition PO Box 618147 Orlando, FL 32861 https://floridarrc.com/
--	--

Sele epi Efase yon Dosye Kriminèl

